

# Vaksen Konjige Menengokokal (MenACWY) Egzijans pou Antre Lekòl

Apati ane lekòl 2022-2023, tout elèv k ap antre nan Klas 7<sup>yèm</sup>–12<sup>yèm</sup> ane bezwen vaksen konjige menengokokal, MenACWY (non mak yo Menveo oswa MenQuadfi), pou antre lekòl la.

**Klas 7<sup>yèm</sup>–10<sup>yèm</sup> ane: 1 dòz; 1 dòz MenACWY** (ke yo te konnen sou non MCV4) nesèsè; Vaksen Menengokokal B la pa obligatwa epi li pa ranpli kondisyon sa a

**Klas 11<sup>yèm</sup>–12<sup>yèm</sup>: 2 dòz; dezyèm dòz MenACWY** (ke yo te konnen sou non MCV4) dwe bay apre 16<sup>yèm</sup> anivèsè a epi  $\geq 8$  semèn apre dòz anvan an; 1 dòz akseptab si yo te bay li nan dat 16<sup>yèm</sup> anivèsè; Vaksen Menengokokal B a pa obligatwa epi li pa ranpli kondisyon sa a

## Kesyon Yo Poze Souvan

**Poukisa egzijans vaksen konjige menengokokal la?**  
Anjeneral lekòl MA yo swiv rekòmandasyon Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon (ACIP). ACIP rekòmande pou timoun resevwa yon dòz MenACWY a 11-12 an epi yon dòz rapèl a 16 an.

**E si yon elèv pa genyen 16 an nan kòmansman 11<sup>yèm</sup> ane a?**

Elèv ki poko genyen 16 an lè yo antre nan 11<sup>yèm</sup> ane pral bezwen yon dòz rapèl yon fwa yo genyen 16 an.

**E si lekòl mwen an genyen sal klas ki pa gen nivo?**

Nan sal klas san nivo, Nivo 7<sup>yèm</sup> ane aplikab pou tout elèv  $\geq 12$  an, ak Nivo 11<sup>yèm</sup> ane aplikab pou tout elèv  $\geq 16$  an.

**Èske egzonerasyon vaksinasyon menengokokal aplikab ak nouvo egzijans lan?**

Non. Egzonerasyon an se pou elèv rezidansyèl sèlman. Sepandan, elèv yo gen otorizasyon egzansyon medikal oswa relijye.

**E vaksen Menengokokal B a menm?**

Vaksen Menengokokal B a (non mak Bexsero oswa Trumemba) pa satisfè egzijans MenACWY an.

Si w genyen nenpòt kesyon sou vaksen, oswa egzijans/rekòmandasyon vaksinasyon, tanpri kontakte Pwogram Vaksinasyon MDPH la nan [ImmAssessmentUnit@mass.gov](mailto:ImmAssessmentUnit@mass.gov). Abòde kesyon sou aplikasyon ak konsèy jiridik ou a; egzijans aplikasyon dwe fèt nan nivo lokal.

Vizite Sitwèb MDPH la nan <https://www.mass.gov/info-details/school-immunizations>

## Sondaj Vaksinasyon Lekòl

**Èske lekòl mwen an pral bezwen bay yon rapò sou sondaj vaksinasyon menengokokal nan Klas 7<sup>yèm</sup> ane a?**

Wi. Sondaj 7<sup>yèm</sup> ane a genyen ladann kesyon sou vaksen menengokokal pou tout elèv yo.

**Mwen nan yon lekòl rezidansyèl. Èske m pral toujou bezwen yon sondaj rezidansyèl separe anplis sondaj Klas 7<sup>yèm</sup> ane mwen an?**

Non. Sondaj vaksinasyon lekòl rezidansyèl la enkòpore nan sondaj Klas 7<sup>yèm</sup> ane a.

**Èske pral gen yon sondaj vaksinasyon pou elèv segondè?**

Wi. Yo bay sondaj vaksinasyon an nan klas 12<sup>yèm</sup> ane pou evalye konfòmite ak egzijans vaksinasyon pou klas 11<sup>yèm</sup> ane.